



Pou Piblikasyon Imedya: 19/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NEW YORK RESEVWA APWOBASYON FEDERAL POU KONVÈTI SHERIDAN EXPRESSWAY NAN BRONX AN BOULVA

*Travay la pral kòmanse nan semèn k ap vini an pou okipe pwoblèm planifikasyon epòk Robert Moses la yo gras a rekoneksyon katye yo ak amelyorasyon opòtinite rekreyatif yo pou rezidan Bronx yo*

*Pwojè a pral gen ladan yon nouvo pon pou pyeton nan Pak Starlight anlè Rivyè Bronx ak yon nouvo chimen a de vwa pou bekàn*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse New York resevwa apwobasyon nan men Administrasyon Federal Otowout la (Federal Highway Administration) pou li de-deziyen Sheridan Expressway (Otowout Sheridan) kòm yon otowout ant eta, sa k ap prepare teren an pou wout la transfòme an yon nouvo boulva ki pral bay rezidan ak vizitè yo yon koneksyon dirèk avèk bò dlo Rivyè Bronx a ak Pak Starlight. Pwojè 75 milyon dola sa a pral okipe planifikasyon epòk Robert Moses la ki te bay yon otowout ant eta nan kè South Bronx, epi konsa bloke aksè a bò dlo a. Pwojè a fè pati efò san rete Gouvènè Cuomo a pou li amelyore kalite lavi rezidan yo nan Bronx, epi li pral gen ladan yon nouvo pon pou pyeton nan Pak Starlight anlè Rivyè Bronx ak yon nouvo chimen a de vwa pou bekàn.

“Bronx gen ladan li kèk nan katye ki pi dinamik yo nan senk awondisman yo, epi pwojè sa a pral finalman ranje mal ki te fèt nan lepase yo nan rekonekte kominote Bronx sa yo ki te gen difikilte avèk obstak inital a revitalizasyon ak pwogrè”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Konvèsyon Sheridan Expressway an yon boulva ki adapte pou katye pral non sèlman amelyore kalite lavi pou rezidan Bronx yo ki merite li, men l ap favorize tou kwasans ekonomik nan rejyon an pou plizyè dizèn lane k ap vini yo.”

Nan kad plan orijinal Robert Moses te prezante a, Sheridan Expressway te sipoze yon lyen sou sistèm otowout ant eta a sòti nan Vil New York rive nan New England. Pwopozisyon orijinal la t ap fè Expressway a pase nan pak zannimo Bronx la, ki te fè fas a gwo opozisyon nan kominote a. An reyaksyon, yo te bati sèlman apeprè yon mil nan vwa woutye a epi yo te deziyen li kòm yon wout eksprès avèk aksè limite. Wout la pa sèvi anpil an tèm volim sikilasyon pou yon otowout ant eta, sa ki fè konfigirayon li genyen kounye a vin demode. Epitou li pase nan kè South Bronx, sa ki fòse rezidan yo fè gwo distans pou rive bò dlo Rivyè Bronx a ak nan Pak Starlight. Nouvo Sheridan amelyore a pral chanje konfigirasyon sa a nan transfòme yon otowout eksprès an

boulva iben avèk twa twotwa, epi konsa rekonekte katye Crotona Park, West Farms ak Soundview yo.

Boulva a pral gen yon kantite enstalasyon ki adapte pou pyeton ak siklis, tankou paregzanp nouvo pasaj nan nivo atè a pou pyeton/siklis avèk limyè sikilasyon nan Jennings Street, East 172nd Street ak East 173rd Street, epitou yon nouvo chimen a de vwa pou bekàn sou Edgewater Road k ap mennen nan Pak Starlight ak nan Koridò vèt Rivyè Bronx (Bronx River Greenway). Yon nouvo pon pou pyeton sou Rivyè Bronx a pral konekte Pak Starlight tou avèk chimen miltifonksyon k ap travèse rivyè a. Nouvo pon pou pyeton an, lè li fini, pral ofri yon chimen kontini pou pyeton yo ak siklis yo sou Koridò vèt Rivyè Bronx.

Boulva a pral genyen tou platfòm santral laj, jaden ak limye dekoratif.

Ou kapab wè desen achitekti pwojè a [isit la](#).

75 milyon dola yo pou pwojè a gen ladan kou desen, konstriksyon ak enspeksyon konstriksyon an. Konstriksyon an sipoze kòmanse nan semèn 23 Septanm nan avèk travay nan West Farms Road, ki kouri sou kote Sheridan Expressway. Travay la pral kontinye sou koridò a sòti nan lwès ale nan lès an senk faz, epi yo planifye pou yon gran pati nan konstriksyon an fini nan fen ane k ap vini an.

**Komisè Pwovizwa Depatman Transpò (Department of Transportation) Eta, Paul A. Karas, te deklare,** “Gouvènè Cuomo gen yon vizyon pou non sèlman bati pwojè enfrastruktir esansyèl, men epitou bati pwojè ki enpòtan toutbon pou kominote lokal yo. Gwo pwojè sa a sou Sheridan Expressway a se egzanp pafè vizyon sa a, ki se rekonekte katye yo epi amelyore kalite lavi rezidan yo epi an menm tan kreye opòtinite ekonomik”.

Menm si otowout ki la kounye a pa konpatib avèk konstriksyon rezidansyèl ki fèt dènyèmman yo nan zòn nan, koridò a ofri yon sèvis ki esansyèl pou biznis yo ak vwayajè yo nan Bronx, donk nou dwe kenbe li. Sikilasyon relativman leje a sou wout ekspres la fè sa posib pou yo ranplase li avèk yon boulva iben ki san danje pou pyeton ak siklis k ap travèse yo, epi an menm tan kenbe sèvis transpò ki nesèsè a.

**Senatè Luis Sepúlveda te deklare,** “Gouvènè Cuomo pran angajman bati pwojè enfrastruktir esansyèl ki enpòtan toutbon pou kominote lokal yo. Pwojè transfòmasyon Sheridan Expressway a se yon egzanp ideyal angajman sa a. Lè li rekonekte katye yo epi ogmante aksè a espas anplennè yo, pwojè sa a pral non sèlman amelyore kalite lavi a pou rezidan yo, men li pral ofri tou plis opòtinite ekonomik toupatou nan rejyon an”.

**Manm Asanble Marcos Crespo te deklare,** “Sa fè twòp dizèn lane kominote nou an ap lite ak mande chanjman, epi finalman gras a lidèchip Gouvènè Cuomo ak Prezidan Awondisman Bronx la Ruben Diaz Jr., nou pral kapab vanse avèk gwo pwojè sa a, amelyore aksè kominote a nan pak yo, amelyore sikilasyon an, laji koridò vèt la avèk yon nouvo pon nan Pak Starlight la, liy bekàn a de vwa pou siklis yo ak anpil lòt bagay toujou. Se yon trè gran akonplisman pou moun Bronx yo”.

**Prezidan Minisipalite Bronx la Ruben Diaz Jr. te deklare,** “Gouvènè Cuomo ap kontinye fè pwogrè san presedan nan kominote yo toupatou nan Eta New York, ap amelyore enfrastrikti epi ofri pi gran aksè a resous natirèl yo ak atraksyon ki pi enpòtan yo. Gras a envestisman nan konvèsyon Sheridan Expressway a an boulva, Gouvènè a ap kontinye angajman sa a epi pote aksè a bò dlo a—ak deplasman pi fasil—pou rezidan ak vizitè Bronx yo nan awondisman an. Pwojè sa a se yon viktwa pou tout Nouyòkè yo, ki non sèlman ap genyen yon nouvo pon pou pyeton ak yon chimen pou bekàn, men l ap debarase katye a avèk vwa woutye perime ak demode li a”.

**Manm Konsèy Vil New York Rafael Salamanca, Jr. te deklare,** “Nouvo boulva a pral sèvi kòm pòt antre pou aksè a espas ouvè ak dlo ki pa t genyen anvan sa, epi konsa kreye nouvo opòtinite pou rezidan yo ak vizitè yo menm jan an pou yo fè eksperyans epi jwi bote natirèl Bronx la. Konvèsyon Sheridan Expressway a an boulva se yon gwo etap nan pwojè sa a kominote mwen an gen lontan l ap tann. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou soutyen li bay pwojè sa a epi mwen pa ka tann kontinye kolaborasyon kominotè a nan pwojè a”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)